



Pou Piblikasyon Imedya: 04/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ETA A AP AKSEPTÉ KOUNYE A APLIKASYON POU 1.16 MILYA DOLA NAN PWOGRAM ASISTANS POU REDWI DANJE FEMA A

*Pwogram sibvansyon pou bati enfrastrikti ak kominote rezilyan ak asistans pou rediksyon inondasyon ke Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans NYS ap administre a to ede kominote yo finanse pwojè rediksyon yo*

*Aprè devastasyon rès Siklòn Ida a, Gouvènè Hochul ap ankouraje minisipalite yo ak ajans gouvènman yo to aplike pou finansman enpòtan ki oryante sou rezilyans*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke ajans Eta a yo, vil yo, vilaj yo, ak gouvènman Tribi endyen yo kapab aplike kounye a pou finansman federal atravè pwogram sibvansyon pou Bati Enfrastrikti ak Kominote Rezilyan ak Asistans pou Rediksyon Inondasyon (Building Resilient Infrastructure and Communities [BRIC] and Flood Mitigation Assistance) ki koute 1.16 milya dola a pou ede nan pwojè rediksyon yo ki konsevwa pou ranfòse rezilyans kont katatwòf natirèl nasyonal tankou inondasyon grav, dife forè ak siklòn yo. Peryòd aplikasyon an ouvri jiska 30 novanm 2021 pou aplike pou finansman nan itilize sistèm anliy Ajans Federal pou Jesyon Ijans (Federal Emergency Management Agency, FEMA) ki rele FEMA GO a. Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta pral revize aplikasyon yo ak ede aplikan yo avèk kesyon sou pwosesis la.

"Mwen ap ankouraje gouvènman lokal yo aplike pou dola federal enpòtan sa yo ki ede sipòte efò rediksyon ak preparasyon kont katastwòf natirèl yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Jan nou te temwen sa avèk Fred, Henri ak Ida nan mwa pase yo, Eta New York pa etranje ditou ak evènman move tan ki bay kòm rezilta devastasyon, patikilyèman nan kominote ki defavorize yo. Patenè nan gouvènman lokal yo ta dwe konsidere anpil pou yo aplike pou finansman enpòtan sa a ki pral ede nou nan konba nou an kont efè chanjman klimantik nan Eta nou an".

Ane sa a, [BRIC](#) ak [FMA](#) pral priyore pwojè ki bay avantaj ak kominote defavorize yo an akò ak prensip ki gide pwomosyon ekite atravè egzekisyon [Justice40 Initiative \(Inisyativ Jistis40\) lan](#). Pwogram pou avan katastwòf sa yo finanse pwojè ki ede amelyore rezilyans, redwi soufrans akòz katastwòf, ak evite depans pou katastwòf alavni, espesyalman nan kominote defavorize epi ki anba risk yo ki souvan afekte yon fason dispwòsyonèl anba chanjman klimatik la.

**Komisè Depatman Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Eta New York la, Patrick A.**

**Murphy te deklare,** "Nou ap ankouraje kominote yo nan tout Eta a aplike pou fon pou redwi danje FEMA a pou reyalize pwojè ki ap bay avantaj ak sitwayen yo ak amelyore preparasyon yo a pou katastwòf natirèl alavni yo. Fon sa yo pral redwi vilnerabilite yo, pwoteje lavi ak ranfòse kapasite yo pou adrese pwoblèm chanjman klimatik yo".

Sibvansyon pou rediksyon katastwòf ki konpetitif nan nivo nasyonal yo pa kouvri bezwen imedya oswa reparasyon akòz tanpèt grav resan yo. Sibvansyon sa yo pou ede egzekite yon pwogram kontini pou rediksyon danje natirèl avan katastwòf pou redwi risk global pou popilasyon an ak estrikti yo kont evènman danje yo alavni, pandan yo ap redwi tou depandans pou finansman federal yo nan katastwòf natirèl alavni yo.

Chak pwogram sibvansyon yo limite depans maksimòm pwojè yo ak pousantaj federal ki koresponn lan. Aplikan yo kouvri rès depans pwojè a apre yo fin aplike pousantaj federal la.

Pou enfòmasyon sou resous pou sivivan Ida yo, vizite visit [www.ny.gov/ida](http://www.ny.gov/ida).

Pou plis enfòmasyon, tranpri vizite [www.dhSES.ny.gov/recovery/](http://www.dhSES.ny.gov/recovery/) oswa kontakte Rediksyon katastwòf DHSES la nan [HazardMitigation@dhSES.ny.gov](mailto:HazardMitigation@dhSES.ny.gov).

**Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans**

[Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans yo nan Eta New York la](#) bay direksyon, kowòdinasyon ak sipò pou efò pou nou prevni, pwoteje kont, prepare pou, reponn ak, epi retabli apre atak teworis ak lòt katwastwòf natirèl ak katastwòf imèn yo, menas yo, ensandi ak lòt ijans yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [DHSES Facebook page](#), swiv [@NYSDHSES sou Twitter](#), oswa [Instagram](#), oswa ale sou [dhSES.ny.gov](http://dhSES.ny.gov).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418